

Repons yo pou kesyonè sou lojman sa a ede nan detèmine kalifikasyon sèvis ki ka bay atravè Lwa McKinney-Vento federal la, 42 U.S.C 11435. Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte biwo OCPS MVP a nan 407-317- 3485 oswa ale sou sitwèb la nan www.homeless.ocps.net.

Ki kote ou menm ak fanmi ou rete lannuit nan moman an? (tcheke sèlman yon bwat):

- Lwaye oswa pwòp kay, kondominyòm, apatman oswa lòt rezidans pèmanan. *(Si ou te tcheke bwat sa a, ou PA bezwen ranplis rès kesyonè sa a.)*
- Ap viv avèk yon lòt moun pa chwa nan yon kay oswa apatman ki akomode kòm sadwa tout rezidan yo *(si ou tcheke bwat sa a, ou PA bezwen ranpli rès kesyonè sa a.)*
- Rete yon kote tanporèman (si ou tcheke bwat sa a, tanpri ranpli rès kesyonè sa a).

ENFÒMASYON SOU FANMI – TANPRI SONJE TOUT SEKSYON YO DWE RANPLI

Non paran/Responsab Legal:			
Adrès aktyèl elèv la pase lannuit:		Vil/Kòd postal	
Pandan konbyen tan ou nan adrès sa a?			

Tanpri mete TOUT elèv nan fanmi an, (ki gen ladan elèv pre-K) ki enskri nan NENPÒT lekòl OCPS

Non elèv la	# idantifikasyon elèv la	G/F	Dat nesans	Klas	Lekòl

ENFÒMASYON SOU SITIYASYON LAVI TANPORÈ – TANPRI SONJE TOUT SEKSYON YO DWE RANPLI
Tcheke sèlman YON bwat ki aplike pou sitiyasyon ou an:

- Nou rete tanporèman avèk yon lòt manm fanmi oswa zanmi
- Nou rete nan yon motèl oswa otèl
- Nap dòmi nan yon machin oswa nou rete nan yon pak ak woulòt oswa teren kanping oswa nan yon bilding abandone oswa lòt lojman ki gen kalite enferyè
- Nou rete nan yonabri dijans oswa pwovizwa
- Si sa anwo a pa aplike, dekri kote elèv la te pase nuit li dènyeman: _____

Tcheke sèlman YON bwat ki aplike pou kòz sitiyasyon lavi tanporè ou an:

- Difikilte ekonomik akòz pandemi COVID (maladi, pèdi travay, elatriye.) ki lakòz ou pèdi lojman
- Difikilte ekonomik oswa lòt sikonstans (pa genyen rapò ak pandemi COVID) ki lakòz sezi, ekspilsyon oswa enkapasite pou jwenn yon rezidans nan moman sa a
- Pèdi lojman nou akòz yon dezast natirèl (siklòn, inondasyon, dife, elatriye) epi pa gen lòt kote pou ale. Tanpri endike kalite dezast natirèl la isit la:
- Pèdi lojman nou akòz yon dezast moun lakòz (mwazisi, liberasyon gaz toksik, vyolans domestik, elatriye) epi pa gen lòt kote pou ale.
- Fèk vini rete nan zòn lan epi ap chèche yon kote pou achte oswa lwe.
- Fèk vann rezidans oswa kontra lwaye a fini epi ap chèche yon kote pou achte oswa lwe. Repare oswa renove rezidans aktyèl la
- Si sa anwo a pa aplike, dekri kòz sitiyasyon lavi tanporè ou an: _____

Tanpri kontinye kesyonè sou rezidans lan nan pwochen paj la 

Elèv k ap enskri a:

- Rete avèk yon paran oswa responsab legal
- Pa rete avèk yon paran oswa responsab legal men li rete avèk yon granmoun ki se pa yon paran oswa responsab legal Si ou tcheke bwat sa a, tanpri ranpli sa annapre a:
Non moun k ap bay swen an: _____
Relasyon ak elèv la: _____
Nimewo telefòn: _____
- Pa rete avèk yon paran oswa responsab legal epi pa rete avèk yon granmoun k ap aji kòm paran elèv la jan sa defini nan s. 1000.21(5), Lwa Florid yo.
- Si ou te tcheke bwat sa a, depi kilè elèv la ap viv poukont li? _____
Lòt (eksplike): _____

PIBLIKASYON ENFÒMASYON ANPLIS SOU RESOUS YO

Piblikasyon enfòmasyon bay ajans sèvis sosyal yo: Gen dwa pou pwoteksyon ak sèvis anplis ki ka disponib pou fanmi ki kalifye yo. Dwa sa yo gen ladan enskripsyon nan lekòl rapid, repa gratis, estabilite nan lekòl ak transpò pou lekòl orijin lan. Tanpri tcheke 'wi' si ou otorize enfòmasyon sa yo pibliye bay ajans sèvis sosyal pou asistans ki posib. Piblikasyon enfòmasyon an ekspire nan dat 30 jen 2021.

- Wi**
 Non

Piblikasyon enfòmasyon bay òganizasyon kominotè yo: Resous sanzabri lokal ajans kominotè yo bay ke Lekòl Piblik Konte Orange pa jere ka disponib pou fanmi ki kalifye yo, sa gen ladan asistans pou lojman. Tanpri tcheke 'wi' si ou otorize enfòmasyon sa yo pibliye bay ajans kominotè yo, ki gen ladan enskripsyon nan Sistèm Enfòmasyon Jesyon Sanzabri (Homeless Management Information System, HMIS) epi otorize ajans kominotè yo kontakte ou konsènan sipò posib yo.

- Wi**
 Non

VERIFIKASYON ENFÒMASYON

Moun ki siyen anba a sètifye ke enfòmasyon ki bay yo kòrèk.

Tanpri sonje ke Lwa Florid §837.06 di nenpòt moun ki volontèman fè yon fo deklarasyon alekri nan entansyon pou twonpe yon fonksyonè piblik nan pèfòmans fonksyon ofisyèl li dwe koupab yon krim dezyèm degre.

Pou kesyon anplis konsènan Pwogram OCPS McKinney-Vento ki gen ladan règleman distri ak resous lokal yo, tanpri ale sou sitwèb nou an nan homeless.ocps.net.

Siyati Paran/Responsab Legal OSWA Jèn Sanzabri ki Pa Gen Responsab

Dat

POU PÈSONÈL OCPS SÈLMAN

Yo jwenn ke elèv sa kalifye pou sèvis Pwogram McKinney-Vento, tanpri eskane Kesyonè sou Rezidans Elèv sa (Student Residency Questionnaire, SRQ) epi voye li pa imèl bay:

- Biwo MVP Distri a – MVPSRQ@ocps.net
 Responsab Sèvis Manje Lekòl
 Kowòdinatè Vento-McKinney nan Lekòl

Tout lekòl yo oblije ranpli yon dosye (dijital oswa pape) pou tout SRQ ki soumèt yo.